

KESYON YO POZE SOUVAN

KIJAN MWEN KA TCHEKE ESTATI YON PÈMI KI APROUVE?

Vizite bit.ly/permitsearch, desann epi
antre adrès oswa nimewo pèmi a.

KIJAN DSE KLAS RESTORAN AK KAMYON MANJE YO?

Divizyon Sante nou an enspekte tout
restoran ak kamyon manje mobil omwen
yon fwa pa ane. Pou tcheke estati yon
biznis sèvis manje, ale nan
bit.ly/mayorsfoodcourt

ESKE OU GEN PWOBLEM BÈT WONJÈ NAN KATYE OU?

Rele 311 oswa itilize aplikasyon 311 an pou
rapòte yon pwoblèm. Ekip Anviwònman
nou an pral kowòdone yon ankèt. Si w
rankontre ensèk nuizib andedan kay ou,
kontakte pwopriyetè w la. Si yo pa reponn,
kontakte 311 oswa Divizyon Lojman nou an
nan 617-635-1010.

KIJAN POU MWEN ANREJISTRE KAY LWAYE MWEN AN?

Anrejistre sou entènèt nan
bit.ly/isdrentalregistration

ÈSKE OU GEN ENKYETID SOU PIL BAGAY KI AKIMILE LAKAY OU AK/OSWA ANKONBREMEN?

Itilize 311 oswa imèl isd@boston.gov pou
depoze yon plent. Ekip nou an ap fè yon
enspeksyon pou ede.

KIJAN MWEN KAPAB SIVEYE ESTATI YON PWOJÈ DEVLOPMAN NAN KATYE MWEN AN?

Vizite apèl siveyans ZBA
soubit.ly/zbatracker

KIJAN MWEN KA APLIKE POU YON FÒM PÈMI KOUT SOU ENTÈNÈT?

Tanpri vizite bit.ly/isdshortforms pou gade
videyo nou an sou fason pou aplike pou yon
pèmi kout sou entènèt



Inspectional Services

SITWÈB: www.boston.gov/isd
IMEL: ISD@boston.gov
TELEFÒN: 617-635-5300
INSTAGRAM: @ISDBOSTON
FACEBOOK: Boston Inspectional
Services Department
X: @ISDBOSTON

1010 MASSACHUSETTS AVE
FLOOR 5
BOSTON, MA 02118

CITY of **BOSTON**

SÈVIS ENSPEKSYON



KISA POU ATANN DE YON ENSPEKTÈ ISD

Enspektè yo reponn plent yo resevwa pa telefòn, imèl oswa an pèsòn yo. Si yo jwenn vyolasyon sou yon kay a, yo ap bay yon kontravansyon.

Tou depan de gravite sitiyasyon an, yo ap bay yon pwopriyetè tan pou korije vyolasyon an (yo). Finalman, yo pral fè yon re-enspeksyon pou konfime ke pwoblèm yo rezoud.

Si pwopriyetè kay la nan pwosesis pou korije vyolasyon an, n ap pran yon lòt randevou pou enspeksyon an. Si nou detèmine pwopriyetè a pa pral korije vyolasyon an, ISD pral pouswiv aksyon legal.

MISYON NOU

Depatman Sèvis Enspeksyon an (ISD) pwoteje sante ak sekirite kominote biznis ak rezidansyèl Boston yo lè li fè respekte règleman sou batiman, lojman, sante ak anviwònman yon fason ki efikas ak konsistan.

DIVIZYON ISD YO

Divizyon Konstriksyon an responsab pou bay pèmi ak fè enspeksyon nan tout sit konstriksyon nan Boston.

Divizyon Plan ak Zonaj la revize aplikasyon pou pèmi yo pou asire konfòmite ak kòd zonaj, konstriksyon ak lòt kòd ki aplikab yo..

Komisyon Apèl Zonaj la detèmine si yon pwojè ka resevwa soulajman nan règleman zonaj yo lè konfòmite a enpoze gwo difikilte.

Divizyon Lojman an aplike règleman pou kenbe estanda sanitasyon nan inite lojman piblik ak prive yo.

Divizyon Pwa ak Mezi a fè aplike Lwa Jeneral Massachusetts ki gen rapò ak presizyon ak pwa aparèy pou mezire tankou balans, mèt taksi, distribitè gazolin, chofaj kay, ak kontè kamyon lwil yo.

Divizyon Anviwònman an pwoteje sante piblik la lè li debarase Boston de tout ensèk nuizib ak wonjè.

Divizyon Sante a fè respekte lwa sou manje ak sanitasyon. Yo enspekte tou ak bay biznis ki ofri manje pou piblik la pèmi.

Divizyon Sèvis Konstitiyan an reponn demann konstitiyan yo, fasilite reparasyon vyolasyon Kòd Vil la, òganize atelye edikatif, epi mennen ankèt sou plent yo. Yo travay tou ak yon ekip espesyalize pou reponn a pwoblèm konplèks tankou kay ki gen pwoblèm, plent pou pil akimilasyon, ak lojman ilegal.

Vizite www.boston.gov/isd pou gen aksè a liv gid ki nan plizyè lang nou an, aplike pou yon pèmi, gade yon lesan patikilye, oswa aprann plis sou travay nou yo.

